



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 9 jiyè 2014

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE OTÈL 1000 ISLANDS HARBOR INOGIRE SOU NOUVO DESTINASYON
TOURIS NAN NORTH COUNTRY**

***Nouvo otèl deliks ak chanm ak enstalasyon pou konferans ouvri pou biznis nan North Country a, kreye
90 nouvo dyòb***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te anonse ouvèti 1000 Islands Harbor Hotel nan Clayton, Konte Jefferson. Otèl la se yon enstalasyon chanm ak konferans premye klas ki twouve l sou riv sid St. Lawrence River ki te resevwa \$3 milyon nan Seri 1 ak 3 inisyativ Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Gouvènè a epi te leve plis pase \$20 milyon nan investisman prive. Otèl la kreye 90 nouvo dyòb nan North Country a.

“Jodi a, North Country te ranpòte yon kokenn atou pou atire touris ak pou jenere aktivite ekonomik nan rejyon an,” te deklare Gouvènè Cuomo. “1000 Island Harbor Hotel pral ede rale ak kenbe vizitè nan North Country pandan lane kap vini yo, epi mwen fyè pou m wè Eta a te kapab jwe yon wòl nan reyalizasyon pwojè enpòtan sa. Touris se yon motè enpòtan pou ekonomi Rejyon Nò a, epi reprezante yon lòt egzanp sou jan n ap travay pou devlope sektè a epi pou kreye nouvo posiblite pou Nouyòkè nan rejyon an.”

1000 Islands Harbor Hotel ofri 105 chanm ak swit deliks, anpil vi sou rivyè ak pasyo, epi pral sèvi pou gwo kantite bezwen lojman, salamanje ak reyinyon pou koup, pwofesyonèl, konferans, maryaj, fanatik bato ak gwoup kap vizite rejyon 1000 Island lan. Otèl la pral kreye 90 dyòb, ponpe depans kliyan epi ankouraje devlopman komès nan rejyon 1000 Islands lan, san bliye Clayton.

“Rejyon 1000 Islands la se yon destinasyon popilè anpil. Clayton rekoni kòm youn nan pi bon ti vil Lamerik; se kote ideyal la pou otèl la. Etid mache a te montre gwo demann ki genyen pou yon pwopriyete tankou 1000 Islands Harbor Hotel la,” te deklare David Hart, Prezidan Direktè Jeneral Hart Hotels. “Objektif nou se konstwi yon destinasyon elegan, konfòtab moun renmen anpil pou kliyan nou yo. Harbor Hotel pral atire yon pil ak pakèt vwayajè kote l ap ofri yo yon esperyans rejyonal premye klas ki pral fè yo tounen chak ane.”

“Pwojè a pran twazan pou l planifye, konstwi ak louvri. Nou pa tap kapab fini pwojè a san asistan kominote Clayton nan, Jefferson County IDA ak bourad lajan Empire State Development la,” te deklare Peter Krog, Direktè Egzekitif Krog Corp.

Sèvis ak amenajman otèl, ki gen pou objektif pou l jwenn akreditasyon AAA Kat Dyaman, gen ladann yon konsyèj pwofesyonèl pou ede kliyan ak planifikasyon aktivite pwofesyonèl ak lwazi; sèvis nan nwit ak pisin enteryè ak Jacuzzi; epi yon sant espò ak sant komèsyal byen ekipe. Otèl la gen plis pase 6.000 pye kare espas konferans ak resepsyon, tankou yon gwo sal bal, espas reyinyon separe ak yon zòn atant sou bò yon rivyè. Anplis, Otèl la ofri manje nan Seaway Grille ak 1000 Islands Bar la, plis vi espektakilè ak boukan sou Riverside Patio a.

Pou sipòte pwojè destinasyon touris sa, Empire State Development te bay \$3 milyon atravè NCREDC. 1000 Islands Harbor Hotel, yon pwojè priyorite Konsèy Rejyonal la, koresponn ak plan estrateji NCREDC a pou tabi yon enfrastrikti touris ki pral sèvi kòm yon motè pou varye ekonomi rejyon an.

Prezidan Direktè Jeneral ak Komisyonè Empire State Development Kenneth Adams te di konsa, “Pwojè priyorite Konsèy Rejyonal la pral kreye yon destinasyon touris epi reprezante yon motè ekonomik pou kominote Clayton nan ak North Country a. Li enteresan anpil pou wè yon mòso tè vid transfòme nan yon destinasyon vakans kalite siperyè ki pral resevwa yon foul moun epi pèmèt yo viv pi bon bagay yo nan Thousand Islands.”

Anthony G. Collins, Prezidan Clarkson University ak Ko Prezidan Konsèy Rejyonal la te di konsa, “Inogirasyon 1000 Islands Harbor Hotel la reprezante yon lòt okazyon pou North Country a pou l rantre sou mache touris plis pase 120 milyon moun kap viv nan yon distans yon jounen vwayaj ak North Country a, epi te leve 200 mil fwontyè entènasyonal ki kontekte New York ak Kanada. Graas sipò Gouvènè a pou nouvo apwòch envestisman piblik prive pou devlope dyòb, Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyon North Country a ap egzekite plan estratejik li te devlope ak laj patisipasyon piblik epi li sou wout pou l jwenn yon eleman kle nan vizyon nou pou aktive touris kòm yon motè pou varye ekonomi nou yo.”

Gary Douglas, Prezidan Chanm Komès North Country a ak Ko Prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyon North Country a te di konsa, “Ouvèti Otèl sa se yon kokenn reyalizasyon nan egzekisyon plan rejyonal nou an pou transfòmasyon ekonomi North Country a. Ekonomi touris nou an mande nouvo ak amenajman lojman ak atraksyon modèn ki ka kenbe ak devlope imaj nou kòm yon destinasyon nivo mondyal pandan plizyè lane kap vini yo. Otèl la fè pati estrateji pou Thousand Islands la, epi ankouraje lòt nouvo devlopman otèl nan Adirondacks yo. Felisitasyon pou devlopè yo, epi yon remèsiman espesyal pou Gouvènè Cuomo pou sipò pèmanan li. Devlopman destinasyon touris tribò babò atravè North Country a!”

Otèl la te konstwi sou ansyen pwopriyete Frink America, yon faktori pousnèj ki te bandonnen, men ke Vil Clayton ak Clayton Local Development Corporation nan kad Voluntary Cleanup Program (VCP) nan te riyisi restore. Jefferson County IDA bay tou yon PILOT 15 lane ansanm ak taks sou vant ak yon egzansyon taks sou anrejistreman ipotèk.

Senatè Eta Patty Ritchie te di konsa, “Touris se san kap koule nan venn ekonomi Thousand Islands lan, epi pwojè tankou li jwe gwo wòl pou envite plis vizitè kap soti nan Eta New York, peyi nou an ak monn nan, pou redekouvri bèl rejyon sa. Pa sèlman sa, men tou ede kreye ak sipòte dyòb ki nesèsè nan nò New York. Mwen ta renmen felisite tout moun, ki te travay ansanm pou reyalizasyon pwojè sa, epi mwen swete 1000 Islands Harbor bòn chans nan premye sezon li a.”

Manm Asanble Addie Russell te di konsa, “Antanke manm Konsèy Ekonomik Rejyonal North Country a, mwen fyè dèske mwen sipòte pwojè sa epi mwen vle remèsye Konsèy la ak Gouvènè a pou tout sipò yo bay inisyativ sa. Otèl sa pral yon kokenn atou pou Clayton ak rejyon Tousand Islands lan. Li pral bouste ekonomi touris nou an ki deja solid epi sèvi pou entwodi anpil moun ki soti nan tout peyi a ak lemonn nan bèl zòn sa. Li pral bay tou dyòb ki nesèsè anpil nan zòn nan, ak lojman ak opòtinite pandan tout lane a pou kominote a.”

Sipèvizè Vil Clayton Justin A. Taylor te di konsa, “Inogirasyon ak ouvèti a pèmèt reyalizasyon 10 lane efò nan tout Kominote Clayton nan, ki te gen ladann plizyè milye travay volontè nan Clayton Local Development Corporations Frink Redevelopment Committee a. Vizyon kominote ak pral pote chanjman pozitif ak avantaj ekonomik pou rejyon an pandan plizyè dizèn lane. Nou vle remèsye alafwa Peter Krog ak David Hart ak pèsònè yo kap travay di ansanm ak patenè nou yo nan kominote nan zòn nan, Konte Jefferson, JCIDA, Depatman Deta, Northern Boarder Regional Commission, Department of Environmental Conservation, Office of Parks Recreation & Historical Preservation and Governor Cuomo's Empire State Development Corporation. Se te yon pwojè konplèks epi tout moun te travay san pran souf pou rive nan gran ouvèti reyisi sa.”

Majistra Clayton nan, Norma Zimmer, te di konsa, “Kominote Clayton nan tap tann kou tè sèk kap tann lapli pou ouvèti 1000 Islands Harbor Hotel la. Rizòt la, ki fini kounye a, gen yon kokenn faktè ki bay sipriz epi pa pral sèlman founi amenajman pou rezidan lokal nou yo men tou pral pote nouvo vizitè nan Clayton, sa ki pral ede montre bèl rejyon 1000 Islands lan bay lemonn. M aplodi tout patenè nou yo ki konsènen eki te pote otèl touris sa nan North Country a epi nou espere li pral bouste ekonomi touris nou an pandan ete sa ak pandan tout lane.”

Direktè Egzekitif Jefferson County IDA Alexander te di konsa, “Pwojè sa se yon lòt egzanp sou jan aksyon volontè ak atansyon pou detay kreye yon pwodi fini ki bèl nan estrikti epi koresponn ak lespri jeneral zòn nan. Konbine ansanm ak kreyasyon dyòb ak avantaj rejyonal pou touris, Harbor Hotel pral kreye efè miltiplikasyon atravè ekonomi lokal la, 1000 Islands Harbor Hotel se yon bèl bagay anplis nan Konte Jefferson.”

Kèk Enfòmasyon sou Hart Hotels

Hart Hotels se yon Konpayi Jesyon Ospitalite ki twouve l nan Buffalo, New York. Konpayi a ap opere set otèl tankou Harbor Hotels ki gen Kat Dyaman ki twouve l nan Portland, Maine ak Watkins Glen, New York. Hart Hotels ap opere senk otèl nan gran zòn Buffalo a. Lòt pwopriyete y ap jere gen ladann de otèl nan rejyon Finger Lakes Eta New York nan Auburn ak Ithaca ak Green Mountain Suites Hotel ki chita nan South Burlington, Vermont. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou www.harthotels.com.

Kek Enfòmasyon sou Krog Corp

Krog Corp, ki chita nan Orchard Park, New York se yon konpayi konstriksyon ki fè konsepsyon ak konstriksyon ak yon devlopè kap travay nan nò New York. Krog spesyalize nan pwojè ospitalite, bilding biwo medikal ak jeneral ak bilding endistriyèl ak distribisyon ak yon gwo rezime ki gen ladann pwojè edikasyon, lojman plizye inite, re itilizasyon adapte, restorasyon istorik ak estrikti paking. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou www.krogcorp.com.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou chak konsèy rejyonal ak sou plan devlopman ekonomik yo, ale sou sitwèb www.regionalcouncils.ny.gov. Pou jwenn plis enfòmasyon sou Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal North Country a, ale sou www.northcountryopenforbusiness.com.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

WE WORK FOR THE PEOPLE
PERFORMANCE * INTEGRITY * PRIDE